

Fajar Hardiana Candra Dewi

Pendidikan Bahasa Daerah, FBS, UNESA (fajarhardiana_candradewi@yahoo.com)

Abstrak

Cerbung *Sawise Ana Sumpah* anggitane Esmiet mujudake crita kang narik kawigaten, mligine ing babagan wewatakane paraga kang bisa njalari anane solah bawa. Solah bawane paraga bisa ndadekake anane prakara sajrone uripe. Cerbung *Sawise Ana Sumpah* anggitane Esmiet iki nggambarake bedane wewatakane paraga siji lan liyane, saka anane wewatakan kang beda iku bisa ndadekake solah bawa kang asipat positip lan negatip gumantung saka panguwat lingkunganane. Mula saka kuwi, cerbung kasebut ditintingi nggunakake psikologi sastra, mligine psikologi kepribadian Skinner.

Gegayutan karo andharan mau, underane panliten sajroning panliten iki yaiku: (1) kepriye wewatakane paraga-paraga sajrone cerbung *Sawise Ana Sumpah* anggitane Esmiet? lan (2) kepriye masalah kajiwan paraga-paraga sajrone cerbung *Sawise Ana Sumpah* anggitane Esmiet miturut teori psikologi kepribadian Skinner? Panliten iki nduweni ancas, yaiku: (1) ngandharake wewatakane paraga-paraga sajrone cerbung *Sawise Ana Sumpah* anggitane Esmiet lan (2) ngandharake masalah kajiwan paraga-paraga sajrone cerbung *Sawise Ana Sumpah* anggitane Esmiet miturut teori psikologi kepribadian Skinner.

Panliten iki kagolong panliten *kualitatif* kanthi nggunakake metode *deskriptif*. Sumber data panliten iki yaiku sawijining cerbung, kanthi irah-irahan *Sawise Ana Sumpah* anggitane Esmiet kang kapacak ing kalawarti *Panjebar Semangat* no. 24 sasi Juni 1997 nganti no. 45 sasi Nopember taun 1997. Data awujud kutipan-kutipan saka cerbung kang arupa tembung, ukara, wacana kang ngemot katrangan-katrangan kang gegayutan karo wewatakane paraga lan ngenani problem psikologis paraga-paragan sajrone cerbung *Sawise Ana Sumpah* anggitane Esmiet. Tata cara panglumpukan data kang digunakake ing panliten iki yaiku *teknik pustaka*. Tata cara pangolahan data ing panliten iki yaiku nggunakake *teknik deskriptif-analisis*.

Andharan saka asiling panliten, bisa didudut kang kapisan yaiku wewatakane saben paraga kang kawawas saka solah bawane paraga kang nuduhake ala lan apik. Solah bawa kang ala disengkuyung kanthi negatip lan solah bawa kang apik disengkuyung kanthi positip, gumantung saka lingkungan panguwate. Kapindho yaiku masalah kajiwan kang ana sajrone uripe paraga. Masalah iku bisa kawujud saka solah bawane paraga. Solah bawane paraga ing cerbung *Sawise Ana Sumpah* bisa kawawas saka sangang aspek yaiku pranatan solah bawa, kamardikan, kamulyan, ukuman, alternatif saka ukuman, pambiji, evolusi kabudayan, rancangan kabudayan, lan ilange konsep manungsa otonom. Pranatan solah bawa ora bisa kawujud yen ana solah bawa kang arupa kebebasan lan kamulyan.

PURWAKA

Karya sastra mujudake asil saka sawenehing kegiyatane manungsa minangka bageyan saka masyarakat. Karya sastra uga nyritakake manungsa lan kamanungsan. Manungsa Jawa ora kalah karo manungsa liyane ing bab kasusastran. Bab iku mau bisa kawawas yen awit jaman biyen, wis akeh pangripta karya sastra. Pangriptane karya sastra mau kawiwitan ing jaman Jawa kuna. Sawise kuwi, reriptane saya ngrembaka tumuju ing jaman Jawa pertengahan, Jawa anyar, lan ing jaman saiki yaiku jaman Jawa modern.

Cerbung nyritakake urip lan panguripane manungsa ndadekake karya mau ora bisa uwal saka kawruh bab psikologis. Bab iku mau amarga antarane sastra lan psikologi padha-padha nyinaoni panguripane manungsa.

Psikologi sastra yaiku tintingan sastra kang mawas karya minangka *aktivitas* kajiwan (Endraswara, 2003:96). Pangripta nggunakake cipta, rasa, lan karsa sajrone ngripta karya sastra. Pangripta bisa ngolah gejala jiwa

kang ana banjur diolah sajrone teks sastra lan uga diwenehake kajiwane paraga.

Crita sambung kang bakal dadi objek panliten ing kene, yaiku crita sambung kanthi irah-irahan *Sawise Ana Sumpah* anggitane Esmiet. Cerbung iki kapacak ing kalawarti *Panjebar Semangat* no. 24 sasi Juni 1997 nganti no. 45 sasi Nopember taun 1997. Panliten iki njupuk pengarang Esmiet amarga panjenengane iku mujudake pengarang sastra Jawa modern kang produktif. Esmiet dadi pengarang kang produktif saka taun 1960 saliyané Tamsir A.S, Anie Sumarna, Harjana H.P, Basuki Rakhmad, N. Sakdani, lan Kus Sudyarsono (Rass, 1985:26).

Cerbung *Sawise Ana Sumpah* nyritakake panguripane paraga karo sakabehing prakara sajroning uripe. Prakara iku mau dumadi saka solah bawane paraga kanthi panguwate kang bisa ndadekake solah bawane paraga asipat positip utawa negatip. Prakara kasebut bisa kawawas saka anane randha ayu kang ditinggal mati bojone, banjur wong wadon iku dadi rebutane paraga

priya, saengga ndadekake salah sawijine paraga priya iku mau mati. Prakara iku mau bisa ana amarga paragane nduweni wewatakan kang beda antara wong siji lan sijine. Wewatakan kang beda iku mau ndadekake anane salah bawa. Solah bawane paraga banjur bisa asipat negatip lan positip gumantung saka panguwate, saka solah bawa iku bisa dadi prakara kang gedhe kang angel dipungkasi. Bab wewatakan kang bisa njalari salah bawa asipat positip lan negatip dadi bab kang dominan sajroning cerbung iki.

Salah sijine ahli psikologi kang nlihi babagan salah bawane manungsa yaiku Skinner. Miturut Skinner (sajrone Koswara, 1991:77) individu yaiku organisme kang bisa ngasilake salah bawa saka sinau. Solah bawane individu bisa kawawas saka faktor-faktor lingkungan lan faktor gawan kang khas kanthi cara bebarengan ngasilake akibat saka salah bawa marang individu kasebut.

Gegayutan karo andharan mau, underane panliten iki yaiku: (1) kepriye wewatakan paraga-paraga sajrone cerbung *Sawise Ana Sumpah* anggitane Esmiet? (2) kepriye masalah kajiwan paraga-paraga sajrone cerbung *Sawise Ana Sumpah* anggitane Esmiet miturut teori psikologi kepribadiane Skinner? Ancas saka panliten iki yaiku: (1) ngandharake wewatakane paraga-paraga sajrone cerbung *Sawise Ana Sumpah* anggitane Esmiet (2) ngandharake masalah kajiwan paraga-paraga sajrone cerbung *Sawise Ana Sumpah* anggitane Esmiet miturut teori psikologi kepribadiane Skinner. Panliten iki diajab bisa menehi paedah yaiku: (1) tumrap Sastra Jawa Modern, panliti iki bisa nduweni paedah kanggo nyengkuyung pangrembakane ilmu sastra mligine ngenani psikologi kepribadian sajrone karya sastra (2) tumrap panliti, panliti iki mujudake piranti kanggo ngecakake kawruh lan katrampilan kang wis ditampa nalika ing bangku kuliya (3) tumrap pamaos, asile panliten iki muga-muga bisa didadekake dalan kanggo mangerteni lan nintingi daya *apresiasi* tumrap karya sastra, mligine ngenani psikologi kepribadian (4) tumrap piwulang sastra, panliten iki bisa kanggo bahan piwulang *apresiasi* sastra ing sekolah.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Crita Sambung (Cerbung)

Crita sambung utawa kang diarani cerbung, kalebu karya fiksi. Karya fiksi, yaiku crita kang nduweni paraga-paraga tartamtu, kang dipilih dening pangripta lan ditemtokake watake, nduweni latar crita, lan rerencene crita saka asil pamikiran pangripta, saengga bisa dadi sawijining crita (Aminuddin, 2011:66).

Psikologi Sastra

Psikologi sastra yaiku *interdisiplin* antara *psikologi* lan sastra (Endraswara sajrone Minderop, 2011:59). Psikologi sastra nyinaoni unsur jrone manungsa, yaiku mangerteni jiwane manungsa.

Prekarane manungsa kang dadi gegambarane jiwa bisa ndadekake psikologi sastra narik kawigaten.

Psikologi lan Solah Bawane Manungsa

Psikologi nyinaoni pamedane antarane wong siji lan wong sijine kang nengenake ukum-ukum umum kang digunakake dening manungsa, mula saka iku psikologi diarani minangka pengetahuan ngenani sekabehane solah bawane manungsa.

Tintingan Stuktur

Struktur karya sastra bisa ditegesi minangka susunan, andharan, lan gegambaran kang bisa mbentuk komponen kang endah (Abrams sajrone Nurgiyantoro, 2005:36). Struktur karya sastra uga ngandharake gegayutane unsur *intrinsik* kang asipat timbal-balik, kang asipat nemtokake, lan nduweni daya pangribawa.

Teori Psikologi Skinner

Skinner minangka pelopor *behaviorisme* kang nulak teori kepribadian. Teori kepribadian yaiku teori kang asile saka pangangen-angen, menawa teori kepribadian saka Skinner nganggep panlitene bisa diamati kanthi cara mawas saka solah bawane (Alwisol, 2009:319).

Pranatan Solah Bawa

Pranatan solah bawa kang dicethakake dening Skinner nuduhake yen kanggo ngatasi masalah kang diduweni dening manungsa kudu mawas faktor-faktor penyebab masalah iku yaiku lingkungan. Pranatan solah bawa bakal ana nalika pawongan nglirwakake sikap kang sakarepe dhewe. pawongan kasebut kudu nggatekake lingkungane minangka sumber panyebab solah bawa.

Kamardikan

Skinner ngandharake yen usaha kang terus-terusan tanpa winates kanggo nggayuh kamardikan iku dudu akibat saka pepinginane manungsa supaya bisa mardika, nanging luwih nengenake marang solah bawa utawa upaya kanggo nyingkiri saka kahanan utawa *stimulus* lingkungan kang ora nyenengake. Kanggo ngatasi samubarang kang ora nyenengake, manungsa ora perlu ngindhari lingkungan, ananging kudune bisa ngrancang lingkungan kasebut adhedhasar kekeparepane.

Kamulyan

Konsep ngenani kamulyaning manungsa ngrembug martabate manungsa. Penganut konsep Skinner, miturut Skinner nentang pangrembakane kawruh lan pranatan solah bawa, amarga iku kabeh dialangi ilusi ngenani tanggung jawab lan kamulyaning manungsa otonom. Konsep kamulyan bisa ngalangi saka pangrembakane manungsa.

Ukuman

Konsep kebebasan lan kamulyan duweni kalungguhan kanggo nemtokake konsep paukuman

kanggo ngatasi salah bawa. Yen manungsa kudu nanggung sakabehing salah bawane dhewe, para wong tuwa, agama, lan pamarentah nduweni hak kanggo menahi ukman tumrap salah bawa kang ora becik.

Alternatif saka ukuman

Skinner menahi alternatif kanggo ngatur salah bawane manungsa saliyane kanthi cara menahi paukuman. Alternatif iku mau antarane yaiku metode ngowahi *pola pikir*. Tujuwan saka metode iki yaiku kanggo ngowahi salah bawane manungsa, amarga salah bawane manungsa ditemtokake saka faktor lingkungan.

Pambiji

Manut Skinner samubarang kang apik iku samubarang kang nyengkuyung bab kang positif, dene samubarang kang ala iku nyengkuyung bab kang negatif. Kang dikarepake nyengkuyung bab kang positif utawa negatif iku ateges nyengkuyung utawa ora nyengkuyung samubarang kang ana sambung rapete karo pangrembakaning umate manungsa.

Evolusi Kabudayan

Wujud pepingine manungsa sajrone uripe ngrembug ngenani kepriye kabudayan-kabudayan utawa lingkungan sosial iku ngrembaka. Kabudayan padha karo *species-species*, kang ngalami seleksi-seleksi tumrap adaptasine karo lingkungane. Miturut Skinner sajrone Koswara (1991:106) peranan pranatan salah bawa sajrone ngleluri kabudayan yaiku bisa mbiyantu ing evolusi kabudayan.

Rancangan Kabudayan

Skinner ngandharake pamikiran ngenani rancangan kabudayan miturut prinsip *behaviorisme*. Kabudayan miturut Skinner minangka wadah *eksperimen* kang digunakake anggone nлити salah bawa. Rancangan kabudayan ilmiah iku mung mujudake salah sawijine cara kanggo njaga anane kabudayan lan panguripan. Kabudayan kang diasilake dening iptek kudu nylametake lan dislametake lumantar tumindak-tumindak kang efektif.

Ilange Konsep Manungsa Otonom

Manungsa otonom miturut Skinner sajrone Koswara (1991:73) yaiku minangka konsep kanggo ngandharake sawijine bab kang durung bisa diandharake kanthi cara kang beda utawa kanthi cara liyane. Manungsa otonom bisa ilang amarga ora digunakake maneh yen manungsa wis bisa mangerteni luwih akeh ngenani salah bawa.

METODE

Ancangan panliten sawijining cara panliten kang nggambarake sakabehe pamikiran kanggo nggayuh tujuwan utawa mecahake underane panliten kanthi efektif lan efisien, mula anggone netepake ancangan panliten tansah nimbang sawernane komponen kang ana nalika nglakoni panliten (Sunarto, 2001:70). Panliten iki

kagolong panliten kualitatif kanthi nggunakake metode deskriptif.

Sumber data yaiku subjek panliten saka data kang ditemokake (Arikunto, 2006:129). Sumber data sajrone panliten iki yaiku cerbung anggitane Esmiet kang kapacak ing kalawarti *Panjabar Semangat* no. 24 sasi Juni 1997 nganti no. 45 sasi Nopember taun 1997 kang irah-irahane *Sawise Ana Sumpah*. Kalawarti diterbitake saka 1 kanthi 22 episode, jangkep episode awal nganti pungkasan kang dadi objek panliten. Saliyane iku uga ana buku-buku kang bisa nunjang lan gegayutan tumrap prakara kang diteliti.

Data ing panliten iki awujud kutipan-kutipan saka cerbung kang arupa tembung, ukara, wacana kang ngemot katrangan-katrangan kang gegayutan karo wewatakane paraga-paraga sajrone cerbung *Sawise Ana Sumpah* anggitane Esmiet lan uga ngenani masalah kajiwan paraga-paraga sajrone cerbung *Sawise Ana Sumpah* anggitane Esmiet miturut teori psikologi kepribadiane Skinner.

Tata cara panglumpuking data kang digunakake ing panliten iki yaiku, *teknik pustaka*. *Teknik pustaka minangka* teknik panglumpuking data kang nggunakake sumber data kang katulis (kapustakan). Tatacara pangolahing data kang digunakake ing panliten iki yaiku teknik *deskriptif-analisis*. Tata cara nulis asile panliten sajroning panliten iki yaiku kanthi *analisis informal*, yaiku analisis data kang nggunakake tembung-tembung salumrahe.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Wewatakane Paraga-paraga sajrone Cerbung Sawise Ana Sumpah

Ing perangan iki bakal diandharake wewatakane paraga-paraga kang ana ing cerbung *Sawise Ana Sumpah*, nanging ora kabeh paraga bakal diandharake sajrone perangan iki.

Paraga Sadimo

Paraga Sadimo ing cerbung *Sawise Ana Sumpah* digambarake dadi wong kang tega marang bojone. Kala-kala dheweke uga seneng tumindak kasar marang bojone. Bab iku mau bisa kawawas ing pethikan watake paraga kang diandharake kanthi dramatik:

“Nyatane pancen kowe kakehan cangkem. Nek durung dipongor lambemu, lak rung kapok. Wis dikandhani enteke wulan iki aku nampa warisan, kok sih ndremimil wae. Ana tamu barang malah ngebleske sing lanang. Kandha-kandha sumpahku gak mandi barang”. (Sawise Ana Sumpah edhisi I, 24/1997)

Paraga Sadiyem

Sadiyem ing kene mujudake paraga kang pasrah marang kahanan, saengga mung bisa manut marang bojo. Manute Sadiyem ing kene amarga oleh kasare bojo kang bisa ndadekake Sadiyem wedi marang bojone dhewe. Bab iku bisa kawawas ing pethikan iki kanthi nuduhake babagan alur:

Disuwarani kaya ngono Sadiyem bojone Sadimo iku mengkered udele. Awit, dheweke apal banget. Yen wis mripate Sadimo wungkul kaya keneker, lambene ndombleh ilere netes, alamat bakal mara tagan. Nek ora ngampleng ya nempiling, apes-apepe ngeplak karo njotos. (Sawise Ana Sumpah edhisi 1, 24/1997)

Paraga Kaseri

Gegambarane tumindak ala sajroning cerbung *Sawise Ana Sumpah* kawawas dening paraga Kaseri. Dheweke iku seneng ngapusi liyan. Tumindake Kaseri kang seneng ngapusi iki bisa ngrugekake marang wong liya. Tumindake Kaseri kang ngapusi bisa kawawas ing pethikan iki kanthi dramatik:

“Saestu kok, Pak Wa, kula wantun sumpah. Mbok empun tutug momong anak kula yen kula niki wau teng nggene Sadimo. Malah kula niki wau rundhingan kalih make lare-lare, ajeng kula ajak bezoek teng griya sakit.....”
(Sawise Ana Sumpah edhisi III, 26/1997)

Paraga Bojone Kaseri

Paraga bojone Kaseri yaiku Sanah ing cerbung *Sawise Ana Sumpah* dicritakake minangka bojo kang setya marang pasangane. Saking setyane marang bojone ndadekake Sanah iki wedi yen kelangan Kaseri. Wedine yen kelangan bojo amarga Sanah iki paraga kang ora bisa mandhiri. Dheweke amung bisa gumantung marang bojone, mula dheweke wegah yen kelangan bojone. Bab iku bisa kawawas ing pethikan iki kanthi anane alur saka runtutane crita:

“Aku omong tenan, Kang. Kowe aja sembrana. Yen nganti kowe menyang ukuman gek piye nasibku lan anak-anakmu?” Sanah nggu-guk.....”
(Sawise Ana Sumpah edhisi VIII, 31/1997)

Paraga Sriati (bojone Kusmijan)

Salah sawijine paraga kang nduweni sipat cubriya ing cerbung *Sawise Ana Sumpah* yaiku paraga Sriyati kang dadi bojone Kusmijan. Sriyati cubriya marang

Kusmijan. Bab kang nuduhake ngenani sipate Sriyati iki bisa kawawas ing pethikan iki kanthi dramatik:

“Kowe ki mau nagih pa mung niat arep ngendhang bojone Dimo?” (Sawise Ana Sumpah edhisi I, 24/1997)

Paraga Kusmijan

Paraga Kusmijan ing cerbung *Sawise Ana Sumpah* minangka paraga kang nduweni tumindak kasar marang bojone. Tumindak kasare Kusmijan iki digunakake kanggo mbela atine Kusmijan supaya ora kalah omong karo bojone. Tumindak kasare Kusmijan marang bojone sajrone cerbung iki bisa kawawas ing pethikan iki kanthi cara dramatik:

Mula tanpa kakehan rembug, bojone sing nangis ing sepen iku terus diajar sakayange. Bubar ngajar sing wadon dheweke metu saka ngomah. Nyengklak sepedhah motore, diplayokake nuju menyang omahe Sadiyem. (Sawise Ana Sumpah edhisi V, 28/1997)

Paraga Pak Wa

Paraga Pak Kawituwa sajrone cerbung *Sawise Ana Sumpah* nduweni jeneng Pak Jamidin. Pak Jamidin dipercaya dening wargane dadi Kamituwa supaya bisa ndadekake wargane urip kang kapenak. Ananging Pak Jamidin ora bisa njaga amanah mau. Jabatane minangka Kamituwa didadekake sarana kanggo nggolek dhuwit ing dalan ala yaiku nggolek prakara kang bisa dipungkasi kanthi dhuwit kang ora halal, dhuwit ora halal ing kene ditegesi dhuwit sogokan. Pakaryane Pak Kamituwa kang nggolek dhuwit ing dalan ala bisa kawawas ing pethikan iki kanthi anane alur:

“Yen sampeyan gelem mbayar kabeh, utawa sethithike sepuluh yuta, dakmenahi kwitansi. Ning yen mung semono njaluk kwitansi aluwung batal wae. Sampeyan urusi dhewe nyang pengadilan.” (Sawise Ana Sumpah edhisi VIII, 31/1997)

Paraga Bu Wa

Paraga kang dadi bojone Pak Kamituwa ing cerbung *Sawise Ana Sumpah* iki minangka pawongan kang wegah kelangan bojone. Wis dadi sipate wong wadon yen bojone nglirik wadon liya iku bisa ndadekake panase ati. Panase ati iki bisa uga dadi prekara kang gedhe yen ora bisa mungkasi kanthi ademe ati. Semana uga bojone Pak Kamituwa iki. Bu Wa wegah kelangan Pak Kamituwa mung gara-gara anane randha anyaran saka Sadimo.

Sipat kang diduweni Bu Wa iki bisa diarani buta repan. Sipat buta repan angel ilange, apa maneh yen

kelakuwane sing bojone iku diweruh dening sing wadon. sipat buta repane Bu Wa sajrone cerbung *Sawise Ana Sumpah* bisa kawawas ing pethikan iki kanthi dramatik:

“Alah aja mukir. Pa rumangsamu ra ana wae sing crita, kowe kerep clila-clili nyang mahe Sadiyem, alesanmu nyang mahe Kasbul?” (Sawise Ana Sumpah edhisi V, 28/1997)

Paraga Kasbullah

Paraga Kabullah sajrone cerbung *Sawise Ana Sumpah* yaiku sawijine preman saka Surabaya kang kepingin tobat ana ing dhusun Canthuk. Kasbullah pawongan kang wis ora duwe bojo, asale saka Surabaya, banjur mergawe ana ing dhusun Canthuk. Panggaweyan kang dilakoni dening Kasbullah yaiku ajar tani uga panggaweyan apa wae kang bisa dilakoni. Kasbullah pawongan kang prigel lan seneng miyantu marang sapada. Bab kasebut bisa kawawas ana ing pethikan iki kanthi anane latar panggonan:

.....Kasbul seneng banget dikon mbiyantu ngangkat beras sak karung iku digawa mlebu menyang omahe sadiyem. Nalika iki Sadiyem ana njaba nemoni tamu-tamune..... (Sawise Ana Sumpah edhisi IV, 27/1997)

Paraga Pak Lurah

Paraga Pak Lurah sajrone cerbung *Sawise Ana Sumpah* minangka pawongan kang wis trep dipilih dening wargane. Panjenengane wis bisa nggawe tuladha kang becik kanggo wargane. Panjenengane uga bisa nerapake tanggungjawab minangka dadi lurah kang dipercaya dening warga masyarakate. Salah sawijine tuladha sipat becike Pak Lurah marang wargane yaiku seneng menehi pitutur kang becik yen wargane iku pancen ana salahe. Bab ngenani pitutur Pak Lurah sajrone cerbung *Sawise Ana Sumpah* kanggo warga masyarakate bisa kawawas ing pethikan iki kanthi anane alur:

.....Karuwetan ing dhukumu iku, dadekna kamenanganmu. Aja malah kok-enggo dalan nyemplung jurang. Ngertiya. Gusti Allah ora tau ngelingake ummat ana ing kahanan seneng..... (Sawise Ana Sumpah edhisi XII, 36/1997)

Masalah Kajiwan Paraga-paraga sajrone Cerbung Sawise Ana Sumpah

Masalah kajiwa paraga-paraga sajrone cerbung *Sawise Ana Sumpah* bisa kawawas saka sangang aspek yaiku: 1) pranatan salah bawa, 2) kamardikan, 3) kamulyan, 4) ukuman, 5)

alternatif saka ukuman, 6) pambiji, 7) evolusi kabudayan, 8) rancangan kabudayan, 9) ilange konsep manungsa otonom.

Pranatan Solah Bawa

Paraga ing Cerbung *Sawise Ana Sumpah* anggitane Esmiet kang nggunakake pranatan solah bawa bisa salah sijine bisa kawawas ing paraga Sadimo. Sadimo ing cerbung iki dicritakake minangka paraga kang nduweni bojo ayu. Panguripane seneng urip royal tanpa mikirake ing tembe mburine, kang dipikirake amung seneng-seneng. Sadimo kang seneng urip royal kanthi panggaweyan ora tetep ndadekake Sadimo kurang anggone oleh dhuwit, banjur ing pikirane Sadimo kepingin ngutang marang tangga teparone. Kahanane Sadimo kang kaya mangkono iku ndadekake anane pranatan solah bawa. Pranatan solah bawa bisa kawujud kanthi mawas sumber panyebab solah bawa, mula ing kene kanggo mbuktakake pranatan solah bawane Sadimo kang senengane utang bisa kawawas ing pethikan iki:

Sarehne dheweke seneng diongrong, lagi oleh rejeki sathithik, omahe wis dibangun. Omah gedheg sing maune mung limang mungsuh wolu, dibangun gedhong sing mabane wolung meter, dawane limalas meter. (Sawise Ana Sumpah edhisi II, 25/1997)

Saliyane pethikan ing nduwur iku, kang nudhuhake Sadimo ngutang kaya ing ngisor iki:

Pungkasane bareng dheweke wis ora bisa setor ganep sewulan dagangane dijabel. Dheweke leren mbangelan. (Sawise Ana Sumpah edhisi II, 25/1997)

Andharan saka pethikan nduwur mau ndadekake pranatan solah bawane Sadimo. Pranatan solah bawane Sadimo bisa kawujud kanthi mawas penyebab. Penyebab anggone Sadimo ngutang bisa kawawas saka solah bawane Sadimo yaiku dheweke kepingin urip dadi wong royal.

Kamardikan

Paraga kang nindakake kamardikan ing cerbung *Sawise Ana Sumpah* yaiku Pak Kamituwa. Pak Kamituwa pawongan kang seneng nggolek dhuwit ing dalan ala. Jabatan kang diduweni Pak Kamituwa dening Pak Kamituwa digunakake sarana kanggo nggolek dhuwit supaya bisa nyukupi kabutuhane. Pak Kamituwa nduweni tanggungjawab kang gedhe saka jabatane, ananging Pak Kamituwa ora bisa nglakokake kanthi pener lan bisa nyengsarakake wargane. Pak Kamituwa seneng ngutang marang pajeg kang ana ing Kalurahan. Dheweke ora bisa mbalikake dhuwit kang diutang amarga saking akehe. Mula supaya ora oleh nesune saka Pak Lurah, dheweke nggolek cara kanggo ngolehake dhuwit kang asile bisa

akeh uga bisa cepet anggone golek. Cara kang digunakake dening Pak Kamituwa bisa kawawas ing pethikan iki:

“Timbang dhuwite Kaseri dibadhog Kasbul, luwung daknggo sawah”. Mikir tekan kene, Pak Kamituwa banjur nemoni bojone Kaseri. (Sawise Ana Sumpah edhisi III, 26/1997)

Kamardikan kang ditindakake dening Pak Kamituwa iki kanggo ngolehake dhuwit supaya bisa mbebasake dheweke saka utange ing Kalurahan.

Kamulyan

Cerbung *Sawise Ana Sumpah* ing paraga Pak Kamituwa nggunakake kamulyane kang awujud martabat, amarga salah sawijine konsep saka anane kamulyan yaiku martabate manungsa. Martabat kang diduweni manungsa iki nduweni kalungguhan kang gedhe. Manungsa nduweni martabat kang nduwur mesthi akeh wong kang kurmat marang dheweke. Pak Kamituwa nggunakake jabatane dadi kamituwa iki kanggo ngujuk-ngujuki Kasbullah supaya gelem melu anggone meres Kaseri, kanthi jabatane iki Pak Kamituwa mesthi diajeni dening Kasbullah. Wujud martabate Pak Kamituwa kanggo ngujuk-ngujuki Kasbullah bisa kawawas ing pethikan iki:

“Karo wong resmi mosok diarani preman. Ngertiya. Kaseri sugih kuwi marga nganakake dhuwit. Yen saiki dheweke mateni uwong njur ra dikaPak-kapakake, rak kepenaken” (Sawise Ana Sumpah edhisi III, 26/1997)

Solah bawa kang awujud kamulyan ditindakake dening Pak Kamituwa saka pangkate kanggo ngujuk-ngujuki Kasbullah supaya gelem melu anggone meres Kaseri.

Ukuman

Sajrone cerbung *Sawise Ana Sumpah* kang ngandharake sawijine paraga kang bisa tobat saka pakaryane kang dadi preman supaya bisa ngurangi saka ukuman bisa kawawas ing paraga Kasbul. Bab iku uga disengkuyung karo omongane Bu Kamituwa kaya dene pethikan iki:

Jare iki mau diparani Kasbul. Kae neh, korak ka Surabaya sing jare tobat lan kepengin dadi warga dhusunkene?” (Sawise Ana Sumpah edhisi III, 26/1997)

Paraga Kasbullah salah sijine paraga kang nindakake tobat kanggo ngowahi solah bawane kang ala dadi apik. Wujud solah bawane Kasbullah iki bisa ngurangi ukuman kanggo nangani solah bawane manungsa.

Alternatif saka Ukuman

Paraga sajrone cerbung *Sawise Ana Sumpah* kang nerapake *alternatif* saka ukuman bisa kawawas ing tuturane bojone Kaseri marang Kaseri. Bojone Kaseri iki pancen pawongan kang setya marang bojone. Dheweke wegah yen kelangan bojone. Sawijine wektu dheweke dikandhani marang sisihane Pak Kamituwa yen Kaseri iku nduweni prakara kang gedhe kang bisa nggawa Kaseri menyang pakunjaran. Bab iku mau ndadekake bojone Kaseri wedi kelangan Kaseri lan salah sawijine cara kang bisa mbebasake Kaseri saka pakunjaran yaiku kanthi menahi dhuwit marang Pak Kamituwa. Tumindake bojone Kaseri kanggo milih saka anane *alternatif saka ukuman* yaiku kanthi cara menahi tuturan supaya Kaseri manut marang printahe sisihane Pak Kamituwa iki. Tuturane bojone Kaseri marang Kaseri bisa kawawas ing pethikan iki:

“Wis ta, Kang. Saiki timbang kowe mlebu penjara, aluwung eklasna dhuwit sepuluh yuta nggo nresiki kuwi kabeh. Sawise iku, wis aja nganakake dhuwit maneh. Ben kowe ora tansah kasar karo wong liya.....” (Sawise Ana Sumpah edhisi VIII, 31/1997)

Alternatif ukuman kanggo Kaseri yaiku saka tuturane bojone. Kaseri dening bojone dikon menahi dhuwit kanggo Pak Kamituwa supaya ora dilebokake pakunjaran saka prakarane.

Pambiji

Wewatakane paraga sajrone cerbung *Sawise Ana Sumpah* iki uga kaperang dadi loro, yaiku ala lan apik. Ala lan apike sesipatan kang diduweni dening paraga iki bisa kawawas saka lingkunganane, amarga sesipatan kang ala iku dikuwatake marang lingkungan kang negatip, semono uga sesipatan kang apik bakal dikuwatake marang lingkungan kang positif. Sesipatan saka paraga cerbung *Sawise Ana Sumpah* kang arupa negatip bisa kawawas ing pethikan iki:

“Dospundi, Pak Wa? Kok nyerah saderenge perang?”

“Napa Kaseri tau momong yogane ta Wa? Sing momong yigane Kaseri rak buruhe. Sakniki jamane mpun maju, Wa. Boten enten tiyang malati. Sumpahe tiyang mpun mboten mandi” (Sawise Ana Sumpah edhisi IV, 27/1997)

Pethikan iku mau nuduhake ngenani panguwat kang asipat negatip. Kasbullah nyoba ngujuk-ngujuki Pak Kamituwa kang arep ora sida meres Kaseri. Pak

Kamituwa bisa percaya marang sumpahe Kaseri, amarga sumpahe Kaseri iki nggawa-nggawa nyawane Kaseri dhewe. Kaseri wani sumpah mati menawa dheweke iki mau menyang omahe Sadiyem.

Evolusi Kabudayan

Crita kang ana ing cerbung *Sawise Ana Sumpah* akeh kang ngandharake ngenani kabudayan. Kabudayan iki uga kang dilakoni dening manungsa saben dinane. Kabudayan salah sawijine tradisi kang wis lumaku awit saka jamane sesepuh tumeka saiki. Tradisi iki kudu dijaga lan dilestarikake supaya ora ilang. Cerbung *Sawise Ana Sumpah* kang isih nggunakake kabudayan kang isih lumaku tumeka saiki yaiku ing dhusunCanthuk. Wujud kabudayan iku bisa kawawas ing pethikan iki:

Jerite Sadiyem pisan iki pancen kaya dudu sabene. Mula tangga teparone banjur inguk-inguk. Bareng weruh wong loro pating glethak ana ing jrambah, sakala banjur padha pating brubut mlebu menyang omah gedhe iku. (Sawise Ana Sumpah edhisi II, 25/1997)

Evolusi kabudayan kawawas saka tumindake tangga teparone Sadiyem kang enggal-enggal mara yen ana tanggane kesripahan. Tumindak kang kaya mangkono iku kudu dijaga lan dilestarikake supaya ora mati.

Rancangan Kabudayan

Crita sajrone cerbung *Sawise Ana Sumpah* kang ngandharake ngenani rancangan kabudayan bisa kawawas ing salah bawane paraga. Rancangan kabudayan kang ana gegayutane karo salah bawane paraga bisa kawujud ing paraga Pak Lurah. Pak Lurah iki minangka pawongan kang diagep pinter anggane mungkasi salah sawijine prekara miturut wargane. Salah sawijine prakara kang lagi diurus dening Pak Lurah yaiku prakara kang ana gegayutane karo matine Sadimo lan Sadiyem. Pak Lurah anggane nangani sekabehe prakara kang ana iku kanthi adil. Dheweke ora mbela kang bener uga ora mbela kang salah. Pak Lurah uga pawongan kang tegas yen nangani wong kang ora bisa blaka suta ing sawijine prakara. Tumindak tegase pak Lurah iki bisa kawawas ing pethikan iki:

“Nek enten prekawis sing boten saged sampeyan tumbas, lagi sampeyan nangis teng Lurahe, nggih?” (Sawise Ana Sumpah edhisi XIII, 37/1997)

Solah bawa kang ngandharake rancangan kabudayan kawawas saka tumindake Pak Lurah kang lagi mungkasi prakara saka wargane. Bab iku bisa kawawas saka tuturane Pak Lurah marang Kaseri.

Ilange Konsep Manungsa Otonom

Paraga sajrone cerbung *Sawise Ana Sumpah* kang nduweni sipat manungsa otonom kang bisa dikendalikake karo salah bawane dhewe bisa kawujud ing paraga Sadiyem. Sadiyem yaiku pawongan kang seneng ngrayu wong lanang supaya wong iku gelem tundhuk marang dheweke. Tundhuke wong lanang iku dikarepake Sadiyem supaya panguripane Sadiyem iki ana kang nanggung. Pawongan kang wis kena rayuwane Sadiyem uga gelem nanggung panguripane Sadiyem yaiku Kaseri lan Kusmijan. Pawongan loro iku pancen wong kang sugih ing dhusune Sadiyem, mula ora kaboten yen kudu nanggung panguripane Sadiyem, apa maneh saka gelem nanggung panguripane Sadiyem iki, wong loro iku bisa diladeni dening Sadiyem kaya dene bojone dhewe. Sawise Sadiyem rabi karo pawongan kang aran Kasbullah ndadekake sipate Sadiyem bisa uwal saka biyasane. Bab iku bisa kabukten ing pethikan iki:

Sajake sikepe Kasbul sing kaya ngono iku marahi Sadiyem sadhar yen mesthine dheweke kudu nglereni olehe dadi wanita “piala bergilir” ngono kuwi. (Sawise Ana Sumpah edhisi IX, 32/1997)

solah bawa kang ngandharake ngenani ilange konsep manungsa otonom kawawas saka paraga Sadiyem kang bisa ngendhalikake salah bawane yaiku seneng ngladeni wong lanang, saka salah bawane iku mau banjur bisa diganteni kanthi manut marang bojo lan nglereni panggaweyan ala.

PANUTUP

Dudutan

Panliten kanthi irah-irahan *Paraga-paraga sajrone Cerbung Sawise Ana Sumpah Anggitane Esmiet* kang ditintingi kanthi tintingan psikologi kepribadiane Skinner iki ngandharake ngenani salah bawane paraga kanthi panguwate saka lingkungan kang bisa ndadekake sipat positip lan negatip. Solah bawa apik dikuwatake kanthi panguwat kang positip lan solah bawa kang ala dikuwatake kanthi panguwat kang negatip.

Solah bawane paraga sajrone cerbung *Sawise Ana Sumpah* kang arupa apik bisa kawawas saka paraga Pak Lurah kang seneng mbiyantu wargane kanggo mungkasi salah sawijine prakara lan paraga Kasbullah kang bisa tobat saka panggaweyan dadi preman. Solah bawa ala bisa kawawas saka paraga Pak Kamituwa, Kaseri, lan Kusmijan kang seneng mujudake pepingine kanthi cara dalan ala.

Miturut Skinner salah bawane manungsa bisa kawawas saka sangang aspek, yaiku pranatan solah bawa, kamardikan, kamulyan, ukuman, alternatif saka ukuman, pambiji, evolusi kabudayan, rancangan kabudayan, lan ilange konsep manungsa otonom. Pranatan solah bawa ora bisa kawujud yen ana salah bawa kang arupa kebebasan lan kamulyan.

Solah bawa kang ngandharake pranatan solah bawa dilakoni dening Sadimo kanthi ngutang marang tangga teparo supaya bisa nyukupi kabutuhan saben dinane. Solah bawa kang awujud kamardikan dilakoni dening Pak Kamituwa kanggo ngolehake dhuwit lumantar Kasbullah. Solah bawa kang awujud kamulyan dilakoni dening Pak Kamituwa kang nggunakake martabate kanggo ngujuk-ujuki Kasbullah supaya gelem melu anggone meres Kaseri. Solah bawa kang awujud ukuman kawawas ing paraga Kasbullah kang tobat kanggo ngurangi ukuman. Solah bawa kang ngandharake alternatif saka ukuman kawawas saka paraga bojone Kaseri, dheweke nuturi bojone supaya menahi dhuwit marang Pak Kamituwa supaya bojone ora diukum. Solah bawa kang awujud pambiji kawawas ing paraga Kasbullah kang ngujuk-ngujuki Pak Kamituwa supaya meres Kaseri. Solah bawane Kasbullah iki diarani pambiji kang asipat negatip. Solah bawa kang ngandharake evolusi kabudayan kawawas saka tumindake tangga teparone Sadiyem kang enggal-enggal mara yen ana tanggane kesripahan. Tumindak kang kaya mangkono iku kudu dijaga lan dilestarikake supaya ora mati. Solah bawa kang ngandharake rancangan kabudayan kawawas saka tumindake Pak Lurah kang lagi mungkasi prakara saka wargane. Pungkasan yaiku solah bawa kang ngandharake ngenani ilange konsep manungsa otonom kawawas saka paraga Sadiyem kang bisa ngendhalikake solah bawane yaiku seneng ngladeni wong lanang, saka solah bawane iku mau banjur bisa diganteni kanthi manut marang bojo lan nglereni panggaweyan ala.

Pamrayoga

Cerbung *Sawise Ana Sumpah* anggitane Esmiet wis nyritakake kanthi gamblang wewatakane paraga kang bisa ndadekake solah bawane dadi apik lan ala. Isine crita kang kaya mangkono iku mau, bisa ndadekake pamaos milah lan milih tuladhane solah bawa kang migunani lan pantes dilakoni ing jagade panguripan. Paraga Pak Kamituwa, Kusmijan, lan Kaseri dikarepake ora dadi tuladha ing panguripan, ananging kang kudu ditiru yaiku solah bawa saka paraga Pak Lurah lan Kasbullah.

Panliten saka cerbung *Sawise Ana Sumpah* anggitane Esmiet iki muga-muga bisa nuwuhake greget marang pamaos kanggo ngripta karya sastra lan nglestarikake sastra mligine sastra Jawa kang dirasa saya suwe saya kurang lan ilang. Panliten iki uga dikarepake bisaa menahi sumbang sih kanggo ngrembakake *pengetahuan* bab karya sastra kanthi nggunakake titingan psikologi kepribadian. Kanggo pamaos, panliten iki diajab bisa nambahi kawruh babagan analisis karya sastra. Panliti nyadhari yen panliten iki isih adoh saka kasampurnan,

mula pitedah kang asipat mbangun supaya luwih becik kanggo panliten isih banget diantu-antu dening panliten

KAPUSTAKAN

- Alwisol. 2009. *Psikologi Kepribadian*. Malang: Umm Press.
- Aminuddin. 2011. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Siar Baru Algesindo.
- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra Epistemologi Model Teori*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- Esmiet. 1997. *Panjebar Semangat Cerbung Sawise Ana Sumpah Edisi 24-45*. Surabaya: PT Percetakan Penyebar Semangat.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kesusastraan Jawa Modern*. Jakarta: Pusat Bahasa
- Kartono, Kartini. 1996. *Psikologi Umum*. Bandung: Mandar Maju.
- Koswara, E. 1991. *Teori-teori Kapribadian*. Bandung: PT. Eresco.
- Minderop, Albertine. 2011. *Psikologi Sastra Karya Sastra, Metode, Teori, dan Contoh Kasus*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia.
- Moleong, Lexy J. 2009. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: Pt. Remaja Rosdakarya.
- Najid, Moh. 2009. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya: University Press bekerjasama dengan Pixel Production.
- Nazir, Moh. 1989. *Metode Penelitian*. Jakarta: Galia Indonesia.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2005. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada Universiti Press.
- Nurihsan, A Juntika dan Syamsu Yusuf LN. 2011. *Teori Kepribadian*. Bandung: PT. Remja Rosdakarya.
- Prabawa, Dhanu Priyo. 2007. *Glosarium Istilah Sastra Jawa*. Yogyakarta: Narasi.
- Rass, JJ. 1985. *Bunga Rampai Sastra Jawa Mukthakhir*. Jakarta: grafiti Press.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Teori Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Sunarto. 2001. *Metode Penelitian Ilmu-ilmu Sosial dan Pendidikan (Pendekatan Kuantitatif dan Kualitatif)*. Surabaya: UNESA University Press.
- Surachmad. 1985. *Pengantar Penelitian Dasar Metode dan Teknik*. Bandung: Tarsito.
- Suwondo, Tirto. dkk. 2006. *Antologi Biografi Pengarang Sastra Jawa Modern*. Yogyakarta: Adi Wacana.
- Uno, Hamzah B. 2005. *Orientasi Baru dalam Psikologi Pembelajaran*. Jakarta: PT. Bumi Aksara.